
6+
Нур
ISSN 0207 - 6551
8
2015








Иджыблагъэ яухуа сабий сад. Нарткъалэ.





А Б В Г Гу Гъ Гъу Д Дж Дз Е Ё Ж









ДЖЭДГЪЭФ Борис

# Алыфбей

Азбукэ жиIэм,
Ар алфавитщ.
Хьэрфу дэ диIэр
Букварым итщ.

Буквэ зэрытыр
Хъумэ букварь,
Зыщ сэ зи сытыр
НывжезмыIар.

Ар алфавитырщ,
Грекыбзэ хъуар.
Ауэ мыгрек ар
КъэзыгъэхъуаР.

Ар финикиянхэм
Я бзэу къыщIокI.
«'Алеф», «'баит»-хэм*
Псалъэр къытокI.

Ар Алыфбейуэ
Куэдым къапсалъ.
Алфавит, жиIэу
Бээхэм яхалъщ.

Ди А-ри Б-ри
Хьэрфу аращ.
Хьэрфхэм я «унэр»
Алыфбейращ.

Ди тхыбзэ дахэр
Я унэкъуэщщ.
ЗэвгъащIэм ахэр
ИкъукIэ зэпэщщ.

ЩIэныгъэ гъуазэр
Ар Алыфбейщ.
ЗиIэр щIэнгъуазэр
Псом нэхъ къулайщ.

* Финикиянхэр сурэткIэ тхэрт. А бзэмкIэ «'Алеф, 'баит» псалъэхэм «Выщхьэ, унэ» мыхьэнэ яIэщ; а псалъэхэр А, Б хьэрфхэм я къежьапIэщ.





# Зэман зэблэкIыгъуэ

*Къалмыкъ таурыхъ*

Зы хъан гуэрым и цIыхухэм я Iущагъыр здынэсыр къищIэн мурадкIэ хъыбарегъащIэ иташ:

– Хэт псом нэхърэ нэхъ Iущу зыкъилъытэжми махуиблым и кIуэцIкIэ си деж фыкъеблагъэ, – жери.

Хъаным и хъыбарыр дэнэ щIыпIи нэсащ.

ХъыбарегъащIэм ипкъ иткIэ лIыжьищ къекIуэлIащ. Хъаным лIыжьищыр иреғъэблагъэ. Абы гу лъетэ япэ лIыжьым щхьэц зыри зэрытемытым, етIуанэм ейр тхъуарэ и пащIэр зэрыфIыцIэм, ещанэм пащIэ зэрытемытым.

– Илъэс дапщэ ухъурэ? – зыхуегъазэ хъаным япэ лIыжьым.

– Щэ ныкъуэ.

– Уэ-щэ? – йоупщI етIуанэм.

– Щэ ныкъуэ, – абыи ращ и жэуапыр.

– АтIэ уэ дапщэ ухъурэ? – ещанэми зыхуегъазэ.

– Щэ ныкъуэ, – къетыж ещанэ лIыжьми.

– Ы-хьы, фызэныбжьу ращ.

– НтIэ, – щыхьэт тохъуэж щыри.

– Псори фызэныбжьщ, сыт-тIэ щхьэц щIыптемытыр? – апхуэдэу хъаныр япэ лIыжьым щеупщIым, абы жиIащ:

– Сэ гуфIэгъуэ куэди гузэвэгъуэ куэди слъэгъуащ. ЦIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зэрыхъуным сегупсысурэ си щхьэцыр псори икIащ.

– Фэ тIур фызэныбжьщ, щхьэ уэ уи щхьэцыр тхъуа, ауэ уи пащIэр фIыцIэ? – жиIэу етIуанэм щеупщIым, лIыжьым жэуап къитащ:

– Си щхьэцымрэ сэрэ дызэныбжьщ, си пащIэр сэ илъэс тIощIрэ тхурэ сыхъуа нэужьщ къыщыкIар. Арати, си щхьэцыр жьы хъури тхъуащ, пащIэр иджыри щIалэщи фIыцIэщ.

– Уэ мы тIуми уранызбжьщ, щхьэ пащIэ птемытрэ? – хъаныр ещанэм щеупщIым, абы жиIащ:

– Си адэ-анэм быну сэ зырат яIэр. Си адэм и жагъуэ мыхъун папщIэ цIыхухъуу сыкъалъхуащ, си анэм и жагъуэ мыхъун щхьэкIэ пащIэ къыстекIакъым.

ЛIыжьхэм я акъылыфIагъым щхьэкIэ хъаным дыщэ къэп къаритри къиутIыпщыжащ.

Зы блыгущIэт гуэрым лIыжьхэм дыщэ къэп яIыгъыу щилъагъум и щхьэ хужеIэж:

– Сыту делэ мы ди хъаныр. Сыт абыхэм дыщэ щIаритар? Сэ ахэр акъылкIэ къыстекIуэн? Мыдэ сэ упщIэ зытIущ фэстынщи, жэуап къевмытыфмэ, дыщэ къэпыр сысейщ.

А гупсысэхэм хэту ар якIэлъыщIэпхъуащ лIыжьхэм.

Япэ лIыжьым гу лъетэ я ужьым зыгуэр зэритри, и гъусэхэм яжреIэ:

– Фэ адэкIэ дыщэр фIыгъыу гъуэгу хэвгъэщI. Сэ мы щIалэм жиIэм седэIуэнщ.

Хъаным и блыгущIэтыр къэсри шым къемыпсыхыу занщIэу лIыжьым къеупщIащ:

– Уэра Iущыр?

– НтIэ, сыIущщ.

– Абы щыгъуэ си упщIэхэм жэуап къет. Сыт зищIысыр дунейр?



– Ар махуэрэ жэщрэщ. Махуэм долажьэ, жэщым зыдогъэпсэху.

– Сыт щІыр зищІысыр? Сыт псыр зищІысыр?

– ЩІыр – цІыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ я анэщ. Псыр – бдзэжьейхэм я анэщ.

– Сыт зищІысыр зэман зэблэкІыгъуэр?

А упщІэр щызэхихым, лІыжьым, укІыта хуэдэу зещІри, жеІэ:

– Уоу, насыпыншагъэ! А уи упщІэм и жэуапыр мо лІыжьхэм я деж къэнащ. Уи шыр зы дакъикъэкІэ къызэптамэ, жэуапыр къэсхьыжынт.

«Ы-хьы, мис иджы, укъэзубыдакъэ!» – игукІэ йогупсыс хъаным и блыгущІэтыр.

– Къащтэ.

ЛІыжьыр шым мэшэсри блыгущІэтым зыкъыхуегъазэ:

– Уэ шы уиІащ, сэ сиІакъым. Уэ шым утесащ, сэ щІым сытетащ. Уэ иджыпсту щІым утетщ, ауэ сэ шым сытесщ. Мис аращ зэман зэблэкІыгъуэ жихуиІэр. Упсэу! – жиІэри лІыжьыр шым елъэдэкъауэри ежьэжащ.

Хъаным и блыгущІэтыр дыщэм хэкІыжащ, и шы-уанэ зэтелъыр и гъусэу.

– Сэ си щхьэхынагъыр зымыщІэ къуажэ псом дэскъым. Си хьэнтхъупсым бадзэ хэхуамэ, къыхэсхыжыфыркъым, – жеІэ Абы.

– Дэфхуж, мы делэр! – мэкІий хъаныр.

– Сэ сощхьэхри гъуэгум сыщрикІуэкІэ, шэд сыхуэзамэ, зэи къыпэскІухьыркъым, шэдым сыхэту сыкІуэцІрокІ, – жеІэ къуэш етІуанэм.

Абы и жэуапри хъаным игу ирихьакъым. Ари кІэлъаутІыпщыж и къуэш нэхъыжьым.

– Иджы, уэ дынодаІуэ, – хъаным зыхуегъазэ къуэш нэхъыщІэм.

Абы зыри жиІэркъым. Хъаным и упщІэр тІэу-щэ къытрегъазэ, арщхьэкІэ ар Іэдэбу зэрыщымщ.

– Мис мы щІалэм хуэфащэщ си пхъур, – къэгуфІауэ жеІэ хъаным. – Мыр апхуэдизкІэ щхьэхынэщи, уеблэмэ и жьэр зэтрихын мэщхьэх.

Хъаным зэрыжиІам тету и пхъур мэлыхъуэм и къуэ нэхъ щхьэхынэ дыдэм иритащ. Иджы ахэр тхъэжу мэпсэухэр.

*ЗэзыдзэкІахэр **СЭРАЛЪП Зэремэщ***

## Хэт нэхъ щхьэхынэр?

*Авар таурыхъ*

Зы хъан гуэрым хъыбар игъэІуащ ипхъу дахэр нэхъ щІалэ щхьэхынэ дыдэм иритыну.

Зэман кІэщІым хъаным и пщІантІэм щІалэ гуп щызэхуэсащ. Абыхэм щхьэж и щхьэхынагъэр къигъэлъагъуэу щІадзащ.

Къуажэ мэлыхъуэм къуищ иІэти, а хъыбарыр щызэхахым, ахэри хъаным и деж къекІуэлІащ.

– Еуэ, уэ къегъажьэ, – хъаным зэкъуэшхэм я нэхъыжьым зыхуегъазэ.



**МЫСАЧЭ Петр**

## Ди Хьэмыщэ

Ди Хьэмыщэ
Дэ ди КӀущэ
ЩабэрыкӀуэр
Егъэлъей.
Ао дожейри
Ар дожейри
Ар дожейри
МэракӀуейм,
Ди Хьэмыщэ
Ауан къищӀу,
ЖеӀэ:
– ПӀлъэкӀмэ, къыдэкӀуей!

## «Шагъдий»

– Ужэрщ, ныбжьэгъу, уэ! –
Ауан хэлъу
ЩыжаӀам,
Шыдым и фӀэщ хъуащ.
Шагъдий нэхъыфӀхэр щызэдилъым,
Ари яхэту ныщӀэпхъуащ!

## «ЛӀыхъужь»

– Уэзгъэлъэгъуни уэ! –
Гушхуауэ
Хешхыхь ХьэмаскӀэм джэду шырыр.–
Уи щхьэм
Измылъхьэм
Мы си урыр!..
И «лӀыхъужьагъэр» егъэнахуэ,
Аслъэныр щыщымыӀэ махуэм!

# ЩІЭБЛЭ



**ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ *Самирэ*** Налшык дэт 18-нэ школым и 4-нэ классым щоджэ, жыджэр цІыкІущ, гурыхуэщ, дадэ-нанэ я гъэфІэнщ.



***КЪАНЫКЪУЭ Алинэ*** Налшык 18-нэ школым и 2-нэ классщ, фІы дыдэу йоджэ, адыгэбзэкІэ екІуэкІ зэпеуэхэм зыкъыщегъэлъагъуэ, «Нур» журналыр и Іэпэгъуэщ.



«Адыгэ фащэр сокІупс», – жеІэ илъэситху зи ныбжь, Тэрч къалэ дэт «Нур» сабий садым и гъэсэн ***ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Миланэ.***



***АФІЭУНЭ Аминэ*** Налшык къалэ дэт 18-нэ школым и 2-нэ классым фІыуэ щоджэ, адыгэ таурыхъхэм фІэфІу йоджэ.

***УТІ Айдэмир*** Налшык къалэ и 18-нэ школым и 2-нэ классым щІэсщ, адыгэбзэкІэ усэ гъэхуауэ къоджэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтыну фІэфІщ.



«Сэ адыгэ къафэм, макъамэхэм сыдехьэх», – жеІэ пщынэр дахэу зыгъэбзэрабзэ, Налшык дэт 18-нэ школым и 4-нэ классым щеджэ ***СТЕПАН Азэмэт.***





БАЛЪКЪЫЗ *Батий*

## УАФЭР МЭГЪУАГЪУЭ

Уафэр мэгъуагъуэ,
Уэшхыр къожэхыр.
Къуалэбзу цІыкІухэр думпу бзэхащ.
Мо псыхьэлыгъуэм
Хэхуэу а цІыкІухэр
ЩІигъэмбрыуэу ирихьэха?

Жьапщэр мэпапщэ,
Пшэжьхэр егъалъэ,
Дыгъэр бзаджэжьхэм къаІэщІехыж,
Къуалэбзу цІыкІухэр дыгъэ гуфІакІэм
Гъуэщэрэ-псыщэу къыдолъэтыж.

## СиІэщ сэ жыг цІыкІу

СиІэщ сэ жыг цІыкІу хэссауэ,
Ар жыг дахэщ нэгъэсауэ.
Махуэ къэскІи зыкърехыр,
Тхьэмпэ цІыкІухэр зэкІуэцІехыр.

Щыхэтсат зэгуэр ди хадэм
Ар къысхуихьри сэ си дадэ.
– Жыг хэпсэныр ар Іуэху инщ,
Ухуэсакъмэ, къыбдэхъунщ.

Си жыг цІыкІум куэд дэмыкІыу
МыІэрысэ къыпыкІэнщ.
МыІэрысэм я нэхъ иныр
Сэ си дадэ ІэщІэслъхьэнщ.



# Кавказ лъэпкъхэм я псалъэжьхэр



### Осетин

Ялэкlэ ужэми, зэплъэкlыж.

lыхьлыншэу упсэуфынукъым.

Мыщэм щыlэщlэкlым – дыгъужьым пэщlэхуащ.

Выфl хъунур шкlэ щlыкlэ уощlэ.

### Шэрджэс

Абрэмывэ вагъэгъэкlуэдщ.

Акъыл зиlэм уеущиймэ – фlыщlэ къыпхуищlынщ, акъылыншэм ауан укъищlынщ.

Абрэмывэ зыкъутэм татуугъуэ егъуат.

Адакъэрэ пэт джэдджьейр егъашхэ.

Акъыл зиlэм и lуэхур махуищщ, акъылыншэм и махуэ махуищэщ.



## Къумыкъу

Пцlы жылlэ нэхърэ, умыпсэлъэххи нэхъыфlщ.

Нэхъыжьым и ущиеи едаlуи, гъащlэм нэхъыбэ щыплъагъунщ.

Зэ уэгъуэкlэ жыг паупщlыркъым.

Нэхъыжьыр гъэтlыс, нэхъыщlэм дэlэпыкъу.

Цlыху lейри зауэм сэбэп щыхъуу жаlэ.

## Нэгъуей

Зэгурыlуэ здэщыlэм, берычэтыр щыlэщ.

Зы lэм пыт lэпхъуамбитхурэ пэт зэхуэдэкъым.

Лlыхъужьыр лlэми, щlыхьыр къонэ.

Фlыр, гуапагъэр ящыгъупщэнукъым.

## Къэрэшей

Гъунэгъур фlымэ, бжыхьи ухуейкъым.

Гъунэгъур lейми, щlэупщlэ.

lэщэр уи lэпкълъэпкъым щыщ lыхьэщ, шыр – уи псэм щыщ налъэщ.

Лlым и дамэр шыщ.

Уи шым шыдкlэ уемыщ.

Зыгъэхьэзырар
КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэщ



# Анэдэлъхубзэ

Макъамэр *ДАУР Аслъэн*,
Псалъэхэр *ХЬЭНФЭН Алим* яйщ

Адэжь щӀыналъэ,
Си нэр зыгъаплъэ.
Си лъэр здэбыдэ.
Зыми хуэмыдэ.
Уэ уи жьэгу дыщэм
ЩызекӀуэ хабзэм
Анэдэлъхубзэр
Ныдобзэрабзэр.

Уэ ди нэ-ди псэ,
Лъэпкъым и гупсэ,
Анэм и жьабзэ,
Анэдэлъхубзэ,
Уэ узижагъуэр
Хэтми мыщӀагъуэ.
УзыгъэзикӀэр
Акъыл тхьэмыщкӀэщ.

Дэ ди гуфӀэгъуи,
Ди нэщхъеягъуи
Тхуэзэбгъэзахуэу
Утетщ гъуэгу махуэ.
Анэдэлъхубзэ,
Адыгэ жьабзэ,
УдэщымыӀэ
СыщыремыӀэ.

Си гум и хущхъуэ,
Псэм и Ӏэфӏыщэ,
Пхуэзощӏ сыт щыгъуи
Адыгэ фӏыщӏэ.
Анэдэлъхубзэ,
Анэм и жьабзэ,
УдэщымыӀэ
СыщыремыӀэ.





# ЩХЬЭЦ ЗЕХЬЭКӀЭ





Адыгэм сытым и дежи щхьэц зехьэкӀэм гулъытэшхуэ хуащӀу щытащ. Ипэ зэманым сабийм и «дзыгъуэщхьэцыр» щаупскӀэ гуфӀэгъуэ тхьэлъэӀу иращӀэкӀырт.

Сабийр щхьэцым имыгъэбампӀэу щытын хуейщ. ЩӀэджэкӀи, щытхэкӀи нэм зэран хуэмыхъун папщӀэ я щхьэц натӀэр нэм къыщӀэуэу щыт хъунукъым.

ЩӀалэ цӀыкӀухэм я щхьэцхэр сытым дежи кӀэщӀу щӀащӀэ. Хъыджэбз цӀыкӀухэм япэм нэхъ кӀэщӀу щӀащӀэу щытат. Зэпхьэну гугъуми, иджы мащӀэщ зи щхьэц щӀэщауэ плъагъур. Ар къызыхэкӀыр, сыззэригугъэмкӀэ, иджыпсту, хъыджэбз цӀыкӀухэм щхьэц кӀыхьым ухуэныкӀэ зэмылӀэужьыгъуэ куэд къыхащӀыкӀыф зэрыхъуарауэ къыщӀэкӀынщ.

***ЩОДЖЭН Ритэ,***
*парикмахер*











*Дэ къытхуатх*

**БАБГУЕЙ Миланэ**

# Си гуфIэгъуэр





СогуфIэ, дунейр дыгъэпсу щытмэ,
Согуфiэ, сабийхэм гуфIэу къажыхьмэ,
Согуфiэ, быныр анэм егуэпэкIмэ,
Согуфiэ, быныр къэзылъхуахэм едэIуэжмэ,
Согуфiэ,  цIыхухэм гуапэу сэлам яхмэ,
Согуфiэ, зэрымыцIыхухэр зэхуэгуфIэм,
Согуфiэ, гъавэр губгъуэм измэ.
Согуфiэ, берычэтыр Iэнэм телъу,
Къахэхъуа щIэблэм хъуэхъу хуаIэтмэ.

Нэхъыжь ущие

# Шхэкiэм хабзэ иIэщ



Куэд иIыгъыщ Iэнэ бгъэдэсыкIэм. Абы хьэл-щэныр къегъэлъагъуэ.

Сабийр Iэнэм щыпэрыскIэ къуейщIейуэ, тIыс-къэтэджыжу щытыныр къемызэгъщ.

ЦIыху мыщIу Iэнэм убгъэдэсынри укIытэ нэпцIым зыдебгъэхьэхыу умышхэнри тэмэмкъым.

Iэнэм уи пкъыр зэфIэту убгъэдэсын хуейщ. Уи IэфракIэхэр Iэнэм телъу, ерыскъым утеубгъуауэ ушхэныр щIыкIэншагъэщ.

Ерыскъыр кIэрыбгъэхуныр, кIэрыхуам утеуэныр гуэныхьышхуэу къалъытэ.

***КIУРАШЫН БетIал** зэритхыжамкIэ*

Австрием и Лейбнице къалэм щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм дзюдомкIэ Европэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Абы текIуэныгъэр къыщихьащ Урыху къуажэм щыщ щIалэщIэ Блий Аюб.

«Нур» журналым еджэхэр нэхъапэм щыдгъэгъуэзауэ щытащ Грецием (Алыджым) и къалащхьэ Афины нэгъабэ щызэхэта Европэм и чемпионатым Блий Аюб щытекIуэным зы мащIэ дыдэ фIэкIа зэримыIэжам. Италием, Румынием, Урысейм щыщ и хьэрхуэрэгъу псори зэкIэлъхьэужьу хигъащIэурэ ар финалым нэсат. Абы къыщыпэщIэува Азербайджаным икIа Гурбанлы Атики хигъэзэхыыпэу ебэнын щIидзат, арщхьэкIэ зы мащIэ дыдэкIэ бэлэрыгъри къытекIуат.




Блэкlа илъэсым къриубыдэу Блий Аюб етIысэхакъым. Жэщ-махуэ имыIэу абы къыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыращ икIи и гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъуакъым – Европэм и кубокыр иджыблагъэ къихьащ!




# Европэм и кубокыр зи Iэрылъхьэ

Европэм и вице-чемпион зэрыхъуар ехъулIэныгъэшхуэми Блийр абы арэзы къищIатэкъым. Ар сыт шыгъуи хущIэкъут япэ увыпIэм. Утыкум къикIыжа иужькIэ Аюб жиIат къызэрыхагъэщIар хуабжьу и гум зэрыщIыхьар икIи и зэфIэкI псори къигъэлъэгъуэну зэрыхунэмысар. Къыхигъэщащ адэкIэ ерыщу зыгъэсэн зэрыхуейр.




Килограмм 55-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм Аюб къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым. Уеблэмэ финалым абы щыхигъэщIащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхахам къыдыхэт и ныбжьэгъу Абуладзе Яго. Апхуэдэ щIыкIэкIэ нэгъабэ зыIэригъэхьа Европэм и чемпионатым и дыжьын медалым адыгэ щIалэщIэм кубокри дыщIигъужащ.

Австрием щызэхэта Европэм и кубоым ехьэлIа зэпеуэм Блий Аюб зи щIыхьыр ихъума Урысей Федерацэм и гупым япэ увыпIэр щиубыдащ. Абы къыкIэлъокIуэ Германиемрэ Тыркумрэ я дзюдоистхэр.

Ди лъахэгъум иджыри зэхьэзэхуэ куэд къыпоплъэ. Дыщогугъ ар Олимп щыгум нэсыну.

***ЖЫЛАСЭ Заур***

# Псалъэзэблэдз

Фщ1эуэ п1эрэ пхъэщхьэмыщхьэ псалъэм и зэхэлъык1эр? Уегупсысыпэмэ, «пхъэ» 1ыхьэм «пхъэгулъ» мыхьэнэ и1эщи, «пхъэгулъ-мы1эрысэ», жи1эу ар зэхэлъщ. Пхъэгулъыр, зэрыфщ1эщи, пхъэгулъейм къыпык1э пхъэщхьэмыщхьэрщ.














1. Чернослив
2. Алыча
3. Грецкий орех
4. Мушмула
5. Айва
6. Смородина
7. Малина
8. Виноград
9. Плод рябины
10. Плод боярышника
11. Абрикос











Сурэтхэр, урысыбзэ псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ, упщ1эншэу къэвгъуэт псалъэзэблэдзым итыпхъэр.

*Зыгъэхьэзырар* ***ДЫКЪУЭ Бэчщ***

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 8 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б. ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А. БИЦУЕВ**
**Х. КАРМОКОВ**
**Ф. МАЛАЕВА**

Художественный редактор
**Е. ФАДЕЕВ**

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.07.2015 г.
Выход в свет
28.08.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт.8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2650
В розницу – цена свободная
Заказ № 125
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г. Нальчик, ул. Ленина, 33

# «Нурым» и гъуджэ



**БЭРЭЗДЖХЭ *Миланэ*** и усэхэмрэ таурыхъ кӀэщӀхэмрэ зэрыт тхылъ цыкӀу Налшык къыщыдэкӀащ 2013 гъэм. «Япэ бзу» – арац тхылъым зэреджэр. Иджы дыпоплъэ етӀуанэ тхылъым.

Миланэ матхэ адыгэбзэкӀи урысыбзэкӀи. Ар иджыпсту 6-нэ классщ.

Бахъсэн куей,
Бахъсэнёнок (Къэсейхьэблэ) къуажэ.

